РЕЗЮМЕ. В статье рассматриваются современные методики преподавания русского языка, включая коммуникативный, проектный и интерактивный подходы. Освещается роль цифровых технологий в образовательном процессе и анализируются перспективы их развития. Выделяются основные проблемы внедрения новых методов и предлагаются возможные пути их решения. Особое внимание уделяется интеграции традиционных и инновационных подходов с целью повышения эффективности обучения.

SUMMARY. The article examines modern methods of teaching Russian, including communicative, project and interactive approaches. The role of digital technologies in the educational process is highlighted and the prospects for their development are analyzed. The main problems of introducing new methods are highlighted and possible solutions are proposed. Particular attention is paid to the integration of traditional and innovative approaches in order to improve the effectiveness of learning.

БАЛАЛАРҒА ҚАРАТА ЗОРЛЫҚ ЖӘНЕ ОНЫҢ АЛДЫН АЛЫЎҒА ҚАРАТЫЛҒАН ИЛАЖЛАР

Қурбанова Нуржамал Бахбергеновна – *қәниге*
Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигиниң «Мәмлекетлик жеке-шерикшиликти раўажландырыў секторы»

Таянч сўзлар: бола ҳуқуқлари, тазйиқ, зўравонлик, болаларни ҳимоя қилиш, қонунчилик, халқаро нормалар, давлат сиёсати.

Ключевые слова: Права ребёнка, притеснение, насилие**,** защита детей, законодательство, международные нормы, государственная политика.

Key words: children's rights, pressure, violence, child protection, legislation, international norms, state policy

Ҳәр бир бала – келешегимиздиң тийкары. Олардың қәўипсизлиги ҳәм ҳуқықлары тәмийинленбей турып, турақлы раўажланыў ҳаққында сөз етиў мүмкин емес. Бул мәселе тек ғана инсан ҳуқықлары емес, ал жәмийеттиң руўхый саламатлығы ушын да айрықша әҳмийетке ийе. Өйткени, балалар бәрқулла меҳир, ғамхорлық ҳәм итибарға мүтәж. Олардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин толық кепиллеў шахстың қәлиплесиўи, мәмлекет ҳәм жәмийеттиң раўажланыўында әҳмийетли орын ийелейди. Тилекке қарсы, балаларға зорлық жәмийеттеги аўыр машқалалардан бири болып қалмақта. БМШ Балалар қоры (ЮНИСЕФ) мағлыўматларына көре, дүньяда 2 жастан 14 жасқа шекемги ҳәр 10 баладан 6 бала ҳәр күни физикалық зорлыққа ушырайды.

Бүгинги күнде ҳәр қандай жәмийеттиң турақлы раўажланыўы, бәринен бурын, ондағы балалардың ҳуқықлары, мәплери ҳәм социаллық қорғалыўын тәмийинлеў дәрежесине тиккелей байланыслы. Сонлықтан Өзбекстан Республикасында балалардың абаданлығын арттырыў, олардың саламат өсиўи, сапалы билим алыўы ҳәм социаллық теңлик тийкарында камалға келиўин тәмийинлеў жолында кең көлемли реформалар әмелге асырылмақта. Мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарларынан бири сыпатында балаларды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаўға қаратылған илажлар системалы түрде даўам еттирилмекте. Социаллық қорғаў миллий агентлиги тәрепинен балалардың абадан турмысын тәмийинлеў ҳәм имканияты шекленген балалар ушын қолайлықлар жаратыў бағдарында бир қатар жумыслар әмелге асырылмақта.

Атап айтқанда, Министрлер Кабинетиниң 2025-жыл 14-июльдеги 440-санлы қарары менен «Балаларға қарата зорлық жағдайларын анықлаў, зорлық қәўпи дәрежесин баҳалаў, қорғаў режесин ислеп шығыў ҳәм оны әмелге асырыў тәртиби ҳаққында»ғы реже тастыйықланды. Режеге бола, зорлықтан жәбирленген ямаса өзине зорлық ислеў қәўпи астында болған балалар тиккелей өзлери ямаса нызамлы ўәкиллери «Инсан» орайлары, ишки ислер уйымлары ҳәм басқа да жуўапкер уйымларға мүрәжат етеди.

«Инсан» орайлары ишки ислер уйымларының қатнасыўында баланың турмыслық жағдайын 1 күн мүддетте үйренеди. Бунда «Инсан» орайы баланың өмири ямаса денсаўлығына қәўип салыўшы факторларды дәслепки баҳалаўдан өткереди ҳәм қәўип дәрежесин «төмен» ямаса «жоқары» деп табыўы мүмкин.

Қәўип дәрежеси «жоқары» деп баҳаланғанда, ишки ислер органы төмендегилерди, яғный:

• зорлық ислеген шахсты ҳәкимшилик жол менен услап туриў ҳәм де процессуал мәжбүрлеў шараларын қоллаў;

• балаға ямаса оның низамлы ўәкилине қорғаў ордерин бериў;

• баланы ата-анасынан (олардың биреўинен) ямаса оны өз қарамағына алған басқа шахслардан алып қойыў ҳәм оның қәўипсизлигин тәмийинлеў илажларынан бирин көреди.

Қәўип туўдырыўшы факторлар сапластырылғаннан соң, «Инсан» орайы баланың турмыслық жағдайын 14 календарь күн ишинде комплексли баҳалаўдан өткереди. Комплекс баҳалаў нәтийжелери бойынша 3 жумыс күни ишинде баланы қорғаў режеси ислеп шығылады.

Балаларға зорлық ислеген ямаса ислеўге бейим болған шахсларға тийисли тәсир илажлары қолланылыўы мүмкин. Бул жерде, атап айтқанда:

▪ дүзетиў бағдарламасынан өтиў;

▪ балаларын алып қойыў;

▪ ата-аналық ҳуқықын шеклеў яки ата-аналық ҳуқықынан айырыў ҳтб.

Усы Реже «Балаларды зорлықтың барлық түрлеринен қорғаў ҳаққында»ғы нызамға муўапық ислеп шығылды. Буннан мақсет балалардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң басым ҳәм зорлықтан исенимли қорғалыўын тәмийинлеў бағдарындағы жумыслардың нәтийжелилигин арттырыў болып есапланады.

Сондай-ақ, мәмлекетимизде балалардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў бойынша бир қатар нызамлар қабыл етилген. Атап айтқанда, «Шаңарақ кодекси», «Билимлендириў ҳаққында»ғы нызам, «Бала ҳуқықларының кепилликлери ҳаққында»ғы нызам, «Жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясат ҳаққында»ғы нызам, «Балаларды зорлықтың барлық түрлеринен қорғаў ҳаққында»ғы нызам сыяқлылар бул бағдардағы тийкарғы нормативлик ҳүжжетлер болып есапланады.Тийкарынан балаларға қарата зорлықтың себеплерин төмендегише келтириўмиз мүмкин:

Шаңарақтағы мәселелер: Балаларға қарата зорлықтың тийкарғы себеплеринен бири шаңарақтағы мәселелер болып табылады. Шаңарақтағы зорлықшы қатнаслар, ажрасыў жағдайлары, ямаса экономикалық мәселелер балаларға тәсир көрсетиўи мүмкин. Ата-аналар арасындағы келиспеўшиликлер яғный агрессивлық балалардың психологиясына зыян жеткизиўи мүмкин.

Мақсетсиз тәрбия: Балаларға қарата тәрбияның жетиспеўшилиги ямаса агрессив, қатаң ҳәм ашықтан-ашық басымларға тийкарланған тәрбия усыллары, олардың сезими раўажланыўына унамсыз тәсир көрсетеди.

Интернет ҳәм медиадағы зорлық: Заманагөй технологиялар, интернет ҳәм телевидения арқалы берилип атырған программалардағы зорлық элементлери балалардың психологиясын жаманластырыўы, оларды агрессив болыўына үндеўи мүмкин.

Экономикалық және социал тәртипсизликлер: Жаслар арасындағы жумыссызлық, төмен дәраматлар, социал ҳәм мәдений шәраятлар балалардың социал мәселелерге дус келиўин ҳәм зорлыққа жол қойыўын жүзеге келтиреди.

Ҳеш кимге сыр емес, гейде социаллық тармақларда балалардың жынысый ямаса физикалық зорлыққа ушырағаны ҳаққында кеўилсиз хабарлар тарқалады, жоқарыда көрсетилген механизмлерден кеңнен пайдаланылғанлығы нәтийжесинде жуўапкер уйымлар жеделлик пенен ўақыя орнына жетип барып атырғанлығы ҳәм зорлыққа ушыраған баланың ҳуқықларын тиклеў ҳәм оны реабилитациялаў және айыпкер шахсларға қатаң илажлар көриў тәмийинленип атырғанлығын тән алыўымыз керек. Тап усындай, бул бағдарда жәмийетшиликке социаллық роликлердиң ислеп шығылыўы ҳәм социаллық тармақларда көрсетилиўи балалардың ҳуқықый санасы ҳәм ҳуқықый мәдениятын арттырыўға және келешекте жүзеге келиўи мүмкин болған усындай унамсыз жағдайларда қандай жол тутыў керек екенлиги ҳәм өзин зорлықтан қалай сақлаў мүмкин екенлиги ҳаққындағы көнликпелерин қәлиплестириўге хызмет етеди.

Әлбетте, өз гезегинде тийисли жуўапкер шөлкемлер жанында балалар ушын «Исеним телефоны»ның енгизилиўи бул бағдарда балалардың ҳуқықларын исенимли қорғаў ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыўға хызмет етеди.Деген менен балалардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплери бузылғанлығы ҳаққындағы мағлыўматлар социаллық тармақларда жайластырылыўы ҳәм тарқатылыўы және ғалаба хабар қуралларында жәрияланыўынан алдын жуўапкер уйымларға хабар берилиўи мақсетке муўапық болар еди. Себеби балалар темасын ғалаба хабар

қуралларында сәўлелендириўдиң өзине тән этикасы ҳәм нызам-қағыйдалары, талаплары бар. Жәбирленген балаларды таныў мүмкин болған мағлыўматлар берилмеўи керек.

Мәмлекетимизде балаларды ҳәр қандай зорлық, итибарсызлық, жаўызлық, қорлаў ҳәм эксплуатация етиўден қорғаўға айрықша итибар қаратылмақта. Мәжбүрий балалар мийнетинен пайдаланыў қадаған етилген. Балаларға байланыслы аяўсыз қатнасықты кешириб болмайды, бундай жағдайларға нызамлы жаза түрлери күшейтирилмекте.

Өзбекстан Республикасының 2024-жыл 14-ноябрьдеги “Балаларды зорлықтың барлық формаларынан қорғаў ҳаққында”ғи 996-санлы Нызамның 17- ҳәм 44-санлы статьяларында: Билимлендириў тараўындағы мәмлекетлик басқарыў органларының ҳәм билимлендириў мәкемелериниң балаларды зорлықтың барлық түрлеринен қорғаў бойынша айтылған. Сондай-ақ, Конституциямыздың 77-статьясында “Ата-аналар ҳәм олардың орнын басыўшы шахслар өзиниң перзентлерин ержеткенге шекем бағыў, олардың тәрбиясы, билим алыўы, саламатлығы, толық ҳәм ҳәр тәреплеме камалға келиўинде ғамқорлық етиўге миннетли” деп белгиленген. Бул процессте жәмийетшилик, атап айтқанда, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери де белсене қатнасып атырғаны жақсы нәтийже бермекте. Бирақ нызамшылықты және де беккемлеў, зорлыққа нызамлы тосық қойыўдың әҳмийети болса жүдә үлкен.

2024-жылдың 14-ноябрь күни қабыл етилген «Балаларды зорлықтың барлық түрлеринен қорғаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызам менен балаларға болған зорлық түрлерине берилген тәрийплердиң саны үшеўден (физикалық, жынысый, психологиялық) алтыға (ғамқорлық етпеў, эксплуатация, буллинг) шекем кеңейтилди.

Буннан тысқары, нызам менен ата-аналар ҳәм олардың орнын басыўшы шахслардың жуўапкершилиги арттырылды.

Атап айтқанда, олар балалардың өмирин сақлаў, оларға ғамхорлық етиў, меҳир-муҳаббат көрсетиў ҳәм денсаўлыққа зыян келтиретуғын мәлимлемеден қорғаўы және тәрбия усыллары қопал, мийримсиз болмаўы, инсан қәдирин кемситетуғын қатнасыққа жол қоймаўы белгиленбекте.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. БМШниң 1989-жыл 20-ноябрдеги «Бала ҳуқықлары ҳаққында»ғы Конвенциясы.
2. Өзбекстан Республикасы Конституциясы.
3. «Балаларды зорлықтың барлық түрлеринен қорғаў ҳаққында»ғы 996-санлы Өзбекстан Республикасының Нызамы, 14-ноябрь 2024-жыл.
4. «Балаларға қарата зорлық жағдайларын анықлыў, зорлық қәўпи дәрежесин баҳалаў, қорғаў режесин ислеп шығыў ҳәм оны әмелге асырыў тәртиби ҳаққында»ғы 440-санлы Министрлер Кабинетиниң қарары, 14-июль 2025-жыл.
5. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Балаларды зорлықтың барлық түрлеринен қорғаў ҳаққында»ғы 2024-жылдағы пәрманы.
6. http://www.uzedu.uz Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги сайты.
7. http://www.kkedu.uz – Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги сайты.
8. http://www.lex.uz - Өзбекстан Республикасы Нызам ҳүжжетлери мағлыўматлар миллий базасы сайты.

РЕЗЮМЕ. Ушбу мақола Болаларга нисбатан зўравонлик, зўравонликнинг турлари,инсон саломатлигига таъсири ва болаларни зўравонликдан сақлаш учун қабул қилинган. Халқаро ҳуқуқий ҳужжатлар,шунингдек,юртимизда болаларни зўравонликдан асраш учун олиб борилаётган чора-тадбирларга бағишланади.

РЕЗЮМЕ. Эта статья посвящена насилию в отношении детей, видам насилия, воздействию на здоровье человека и международным правовым документам, принятым для защиты детей от насилия, а также мерам, принимаемым в нашей стране для защиты детей от насилия.

SUMMARY. This article focuses on violence against children, types of violence, impacts on human health, and international legal documents adopted to protect children from violence, as well as measures taken in our country to protect children from violence.